

Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 6 (7250) 10 февраль Рузман 2017 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


# ХIасилал ва масъалаби

Активалъул данделъиялдаса



8 февралалда райадминистарциялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул активалъул заседание. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул хIалтIухъаби, росабазул бутIрул ва вакилзаби, диниял, къуваталъулал органазул хIалтIухъаби, учреждениял-организациязул нухмалъулел.

Активалда 20I6 соналъ районалда социалиябгун экономикияб рахъалъ район цебетIезабиялъе гьабураб хIалтIул ва 20I7 сонална цере чIарал масъалабазул бицана районалъул бетIер П. НурмухIамадовас.

«Жакъа нилъеца хIасилал гьарулел руго араб соналъул хIалтIул. ХIисабалде росарал масъалаби нилъер тIуран руго. Гьаризесел хIалтIаби нилъее рихьизарун рукIана РДялъул БетIерас, гьел данде ккана района лъул гIадамазеги,-ян байбихьана активалда жиндирго кIалъай бетIерас. –Район цебе бачиналъул аслиял хIасилал рехсезе бегьула. 20I7 соналъул I январалде районалда вуго 33I78 чи. Араб соналда гьабуна 454 лъимер, хвана I49 чи. ЛъагIалида жаниб г1адамазул къадар тIаде цIикIкIана 305 чияс. ХIалтIун бажарулезул районалда вуго I794I чи, гьездасан экономикаялъулаб хIалтIуда руго II768 чи.

Гьединго хIисаб кьеялда рорхана миграциялъул, финансазул, промышленносталъул, инвестициял рачIинариялъул, сахлъи цIуниялъул, лъай кьеялъул, культураялъул, хIинкъи гьечIолъиялъул суалал.

П. НурмухIамадовас бихьизабухъе гIемераб хIалтIи гьабулеб буго Дагъистаналъул БетIерасул приоритетниял проектал гIумроялде рахъинариялъе. –Хасго лъикIаб хIалтIи гьабуна «Обеление экономики» приоритетнияб проекталда рекъон. «Нужеда лъалеб батила кинаб кIвар нилъеца араб соналда ракьазул актуализация гьабиялде къурабали. Ракьул участкабаздасан гIицIго 45 % тIубазабураб батани план, ОКСалъул план тIубан буго I00%. Гьединго I03% тIубан буго неформалияб занятосталда хурхараб планги.

Нилъеда бичIчIизе ккола бюджеталъул налоговияб база щула гьабиялда бараб жо гIемераб букIин,-ян бихьизабуна хадубги П. НурмухIамадовас. –Промышленносталъул абуни, гьелъул производстваялъул къадар бахана 2 млрд. 976 млн. гъурущалде, 20I5 соналда 2 млрд. 242 млн. букIараб батани. Яги гьеб ккола I32,7 % арал соназде дандеккун. Аслиял масъалабазул цояблъун рихьизарун рукIана районалде инвестициял рачIинари. «20I7 соналда хIисабалде росун руго ХьахIабросулъ, Балахьуни школал ран лъугIизаризе, Унсоколо спортивияб зал, мини футболалъул поле гьабун рагIалде бахьинабизе, гьебго росулъ ва Шамилъхъалаялда лъел рогIрал, канализация къачIазе, Шамилъхъалаялъул № 9 ясли-ахалъе, СОШалъе капиталияб ремонт гьабизе, Майданскиялда лъел рогIрал лъезе».

(Ахир 2 гьумералда)

# «Имам Шамилил къадруяб нух»

(ТIобитIана имам ракIалде щвезавиялъул сордо)



4 февралалда МахIачхъа лаялъул Авартеатралъул минаялъуб «АхIулгохI» ДРООялъул ва М. Дахадаевасул «Унцукуль» культуриябгун тарихияб обществалъул кумекалдалъун тIобитIана имам Шамиль ракIалде щвезавиялъул вечер. Гьеб буссинабун букIана Севериялъул Кавказалъул миллиябгун эркен гьариялъул цевехьан имам Шамиль хваралдаса I46 сон тIубаялде. Тадбиралда гIахьаллъана власталъул органазул вакилзаби, общественниял ва гIолилазул организациязул, гIелмияб интеллигенциялъул, рухIиял вакилзаби, гьединго имам Шамилил ВатIан Унсоколо районалдаса гIадамал.

Тадбиралъул байбихьуда бихьизабуна Шапи Казиевасул «Шамиль» абураб документалияб фильм. Гьеб бахъун букIана Сайгидпаша Гумахановасул кумекалдалъун. Хадуб «Имам Шамилил къадруяб нух»,-абураб доклад гьабуна тарихиял гIелмабадул доктор, ДГУялъул профессор ХIажимурад Доногъоца.

КIалъазе рахьана общественниялгун гIолилазул организациязул вакилзаби, диниял ва культураялъул хIаракатчагIи. Гьел ккола Ланда Шамиль – президентасул гIакълучи, МухIамадов ХIажимурад – спорталъул министрасул зам., ГIабдурахIманов Гьайирбег - биологиялъул гIелмабазул доктор, профессор, Абакаров ГьазимухIамад – Унсоколо районалъул имам ва цогидалги. «Молодость Дагестана» Пачалихъияб ансамблялъул гIахьалчагIаз гьабуна «АхIулгохI» къурди. Тадбиралда цIалана кучIдул, ахIана нашидал. Шамилил гIумроялъулаб нухалъул бицарал церерахъинал рукIана ГIашилтIа росдал гьоркьохъеб школалъул.



Дагъистаналъул ва Чачаназул халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьарав ва исламалъул нух къуркьи гьеч1ого цебе бачарав имам Шамиль нилъедаса ватIалъаралдаса 146 сон тIубаялде бусараб дандеруссин пайдаяб куцалда ана.

# Районалъул росабазул бутIрузул семинар ахIизе буго

20I7 соналъул I4-I5 февралалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул активияб залалда букIине буго районалъул росабазул бутIрузул семинар-совешание.

**Регламент** «Унсоколо район» МОялъул территориялде гьоркьоре унел поселениязул бутIрузе цIалулгун консультативияб семинар-совещание тIобитIи.

ТIоцебесеб къоялъ I0-I6 тIубазегIан гIахьаллъизе ахIулел руго «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул управлениязул ва отделазул начальникал, ОМСалъул хIалтIи гIуцIиялъул суалазда хурхун.

КIиабилеб къоялъ I0-I2,30 минут инегIан бицине буго бакIалъулал самоуправлениялъ республикаялъул пачалихъиял органазулгун цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ. Гьенире ахIулел руго учреждениязул нухмалъулелги.

**Тадбир тIобитIулеб къо:** 20I7 соналъул I4-I5 февраль. РачIаразул регистрация гьабула 9.30 мин.

**ТIобитIулеб бакI:** «МО Унцукульский район», администрациялъул активияб зал.

Семинаралъул гIахьалчагIи ахIула ва кIалъаязул темаби росула семинара лъул регламенталда рекъон.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 6 (7250)*

*10 февраль 2017*



## Внимание, конкурс!

В целях выявления лучших глав поселений района, добивающихся лучших результатов экономического и социального развития поселения, по реализации Федерального закона от 6 октября 2003 г. N 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Закона Республики Дагестан от 29 декабря 2004 г. N 43 «О местном самоуправлении в Республике Дагестан», указов Главы Республики Дагестан, нормативно-правовых актов администрации МО «Унцукульский район» по развитию местного самоуправления и других нормативно-правовых актов, касающихся организации местной жизни.

# ХIасилал ва масъалаби

(Районалъул активалъул данделъиялдаса)



–ЖКХялъул бицунаго дун рази вуго гьезул хIалтIудаса, сверухъльиялда гIала-гъважа дагьлъана. ХIисаб кьеялъул заманаялда бакIарана ва ракьулъ букъана I8I9 куб. метр къвакIарал рукIарахъиналъул отходал. 20I6 соналда ремонт гьабуна 80 км. бакIалъулал автомашинабазул нухазе.

ЛъикIаб къимат кьуна бетIерас районалда сахлъи цIуниялъул ва лъай кьеялъул хIалтIул бугеб хIалалъеги. Культураялъул хIалтIул бицунагоги гьес бихьизабуна лъикIанин районалъул 80 сон тIубаялъул юбилей. Гьединго районалда тIобитIана республикаялъул гIемерал районаздаса гьалбал рачIараб «Аваразул кучIдузул сордо».



Активалда кIудияб кIвар буссинабуна районалда бачунеб гIолилазул политикаялде, росдал магIишаталде, къуваталъул органазул структураялде. Гьединго бетIерас бихьизабуна районалъул экономика, агропромышленнияб сектор кколин социалияб рахъазул аслияблъун: районалъул гIадамазул 60 % росдал магIишаталъ хьихьарал ругин. «Амма руго районалда гъутаби рехун тарал. Нилъеца пайда босичIого ракьал тезе бегьуларо. Район цебе бачиналъул мурадалда хIалтIизабизе ккола ракьул щибаб кесек»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Оперативияб ахIвал-хIалалъул бицунагоги бихьизабуна районалда такъсирчилъи гIодобе кканин. Гьеб рагьиялъул буго 96%. Гьеб суалалда хурхун кIалъана районалъул прокурор ХI. Хайчилаев. Закон ва ихтияр цIуниялда хурхун нилъер районалда гIадал хIасилал цониги районалда гьечIин,- бихьизабуна гьес. «Кавказалъул групировкаялда цадахъ ИГИЛалъул групировкаялде гьоркьоре ва Сириялде арал районалъул территориялъул гIадамал тIад руссинариялъе ва гьезда бараб хIинкъи гьечIолъи лъугIизабиялъе бугеб план тIубаялъеги чIванкъотIараб хIалтIи гьабуна. Амма гьеб ишалда хурхун жеги цIодорго рукIине ккола кигIанго лъикIал хиса-басиял ругониги»,-ян бихьизабуна ХI. Хайчилаевас.

БатIи-батIиял бутIабазда районалда гьарулел хIалтIабазулъ жалго рихьизарурал гIадамазе бетIерас кьуна «За заслуги перед районом» абурал медалал ва баркалаялъул кагътал.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас ракIракIалъулаб баркала загьир гьабуна совещаниялъул гIахьалчагIазе, депутатазул корпусалъе, учреждениял-организациязул нухмалъулезе, росабазул бутIрузе цадахъаб хIасил кьолеб хIалтIухъ, жигараб гIумроялъулаб позициялъухъ, районалъул социалиябгун экономикияб ва общественниябгун политическияб ахIвал-хIалалъулъ бихьизабураб жигарчилъиялъухъ.

# С днем Российской науки

Уважаемые деятели науки, ученые и исследователи, аспиранты и студенты! От имени Администрации, районного Собрания депутатов и от себя лично примите искренние поздравления с Днем Российской науки!

Наука является основной движущей силой прогресса, важнейшим ресурсом развития национальной экономики, медицины, образования и социальной сферы. Поэтому от достижений ученых напрямую зависят не только экономический рост и создание новых высокопроизводительных рабочих мест, но и качество жизни миллионов людей.

Этот праздник отмечается с 1724 года. 8 февраля 1724 года указом Сената по распоряжению Петра I в России была основана Академия наук Российской империи.

Времена царствования Петра I стали эпохой Просвещения, возникновения прогрессивной научной мысли, развития светской литературы, искусства и ремесел. В советские времена День науки стали отмечать в третье воскресение апреля, а в 1999 году, в 275-ю годовщину Российской академии наук, празднику вернули историческую дату.

Этот праздник является знаковым для всех тех, кто внес свой интеллектуальный вклад в становление и развитие российской науки. Сегодня государственная политика направлена на продвижение научных исследований, инновационных технологий в производство, поддержку молодых талантов. В этот день хочется выразить слова благодарности всем тем, кто связал свою профессиональную деятельность с наукой, исследованиями.

Благодарим за вклад, который вы вносите в развитие Республики Дагестан, России, всего мира. Ваши работы, открытия и достижения помогают, а порой и спасают жизни. Мы преклоняемся перед вашим талантом, упорством и желаем дальнейших успехов, благополучия, оптимизма.

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

# Къуръан цIалулезул къецал

Дагьал церегIан къояз Унсоколо районалъул Балахьуни росдал мажгиталда тIоритIана Балахьуни ва Майданское росабазул мадрасабазда цIалулел васазда ва ясазда гьоркьор, щайих Балахьуниса МухIаммадил хIуматалда, Къуръан цIалиялъул къецал. Ригьалде балагьун гIахьлчагIи рикьун рукIана кIиго къокъаялде (I3соналдаса 20 соналде щвезегIан ва 20 соналдаса тIадехун ругел). Жюриялда рукIана машгьурав хIафиз, ТIелекь росулъа ГIалиасхIаб ва кIиябго росдал мадрасабазул мугIалималги. Къуръан цIалулездехун бугеб аслияб тIалаб букIана: таджвид, битIун ва берцинаб макъаналдалъун цIали. Къецазул хIасилалда: тIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал щвана Балахьуни росдал мадрасаялъул (директор Ж. ГIабасов) ичIго цIалдохъанасе ва Майданское росдал мадрасаялъул (директор М. Камилов) лъабго цIалдохъанасеги. Бергьаразе т1оцебесеб бакIалъе I0 000, кIиабилеб бакIалъе 7000 ва лъабабилеб бакIалъе 5000 гъурущ гIарцулал сайгъатал кьуна Балахьуниса предприниматель Рашид Шарапудиновас.Ахиралда сахаватчагIазе ва гIахьалчагIазе дугIа гьабуна районалъул имам Гъ.Абакаровас.



**М. ГЪАЗИМХ1АМАДОВ**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 6 (7250)*
*10 февраль 2017 сон*

*3 гъумер*

Лъаларо щиб къоялъ
Къанщилел берал,
Къаданиб кибехун
ЧIвалеб дий зани.

Амма лъала дида
Дир лъалкI кунчIила –
ЛъикIал ишал дица
Ракьалда тани.
*МахIмуд Апанди*



Хваниги чIагояв гIадамал

# Унго-унголъунги гIаданлъи тIокIав инсан

Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.

**…ХIайранал пикрабаз вас-васдилаго**
**Босун лъуна гали банкалъул рагъдухъ.**
**Гьенив вугин рагIун букIана гьасда**
**Унсоколоса цо яхIалъул инсан.**
**Рагьана гьас нуцIа, разияб гьумер,**
**Гьасда бер чIварабго рагьун ана ракI,**
**Борхатаб черхалъул гIадатав чияс**
**ГIодовеги виччан гьабуна калам.**
**Бицана гьас мурад, гьадин додинан**
**Далилал рехсечIо Бартыхановас,**
**Метерго хIалтIуде восизе гьасий**
**Секретарьги ахIун хъван лъуна приказ.**

Унсоколо районалъул гьебго росулъа гIаданлъиялъул рахъалъ цIар арав инсан МухIамадгIали Бартыхановасул рахъалъ аваразул шагIир ГI. Даганован хъварал гьал кочIол рагIабаз макьидаса борчIизабуна дир гьев унго-унгояб яхI-намусалъул ва чилъиялъул чиясул рахъалъ ракIалдещвей. Гьеб хъван буго гьанже цIар арав полковник, жив хIалтIизе восеян кумек гьарун вачIарав ЧIарадаса МуртазагIали ГIумаровасулги Бартыхановасулги ккаралъул хIакъалъулъ…

Доб букIана араб гIасруялъул 75 абилеб сон. Гьанжего гьанже школа лъугIарай дир мурад букIана журналистикаялде гIагарлъи бугеб Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул филологиялъул факультеталъул гIурус ва Дагъистаналъул мацIазул отделениялде цIализе лъугьине. БецIал гIадатазул кверщаликь бугеб Унсоколоса доб заманалда килщазде рикIкIарал ясал гурони тахшагьаралде цIализе ун рукIинчIо ва жеги щиялъе гьеб букIана кIудияб захIмалъилъун.

Кин бугониги саназ бахчараб дирго пикру цо къоялъ рагьана дирго инсуе. Байбихьудасанго инсуе гьеб къабуллъулеб букIинчIо. Документалги университеталде ритIун дун санагIатаб къо бачIиналъухъ ялагьун чIун йикIана. Кинго гьелъие битI кколарго йигей дида рагIана тахшагьаралъул банкалда гьелъул нухмалъулесул замлъун вугев М. Бартыхановас жиндихъе гьаригун вачIарав чи нахъ чIваларилан. Дир мурад букIана гьесдасан эмен векизавулеб кумек щвей. КъваригIелалъ МахIачхъалаялде щварай дица тIалаб гьабуна Буйнакскиялъул къотIноб бугеб гьев хIалтIулеб банкалъул мина. КIалтIа ватарав милициялъул хIалтIухъанасда дирго паспортги бихьун, бицана Бартыхановгун дандчIвазе бокьун бугин. Гьев гьебсагIатго Бартыхановасухъе кIалъана ва заманго иналде болъодаса гъоркье лъугьун вачIана борхатаб, жаниб цIураб, къамартIаб черхалъул, рекIелъ бугеб бацIцIалъи загьирго бихьулеб рагьараб гьумералъул чи. Цеве дида гьев киданиги вихьунги вукIинчIо. Гьимулаго гьес диргун хъваш-баш гьабуна ва кIиабилеб этажалда бугеб жиндирго кабинеталде ячана.

Суалал кьун гаргадизеги гьаюн «мун Унсоколоса йигоха»,-ян абуна дида. «Дун гьасда лъалей гьечIо, дида авги лъаларелъулха,-ян паркъана дир ботIролъ. Дица бицана цIализе дун ине бокьичIого эмен чанкIун чIун вукIиналъул ва тIаса бищараб бакIалда цIализе бугеб гьираялъул.

Цебе гьанже гIадин цогояв экзаменал кьун ВУЗазде рорчIулароан, рорчIаниги конкурсазда тIокIалъе ккун нахъ чIвалаан.

-ЦIакъ бигьаяб суал, цIаличIого ясал тезего бегьуларин абураб пикро бижизабила дица дур инсулъ, тIаса бищаралъуй цIализеги йиго мун,-ян тIаде вахъана МухIамадгIали дица кинабго бициндал ва хьулазда куркьбал рижарай дун нуха регIизе банкалъул кIалтIе вилъана.

Заманго иналде инсуца дида лъазабуна цIализе йитIизе рази вугин. Хадуб лъана росулъеги вачIун МухIамадгIали дир эменгун дандчIваравлъи. Гьединав инсанасул хIакъалъулъ гьев чIаго вукIаго хъвачIолъи захIмалъун букIана журналист хIисабалда гIумроялъго дие.



МухIамадгIали Бартыхановасул автобиографиялъул хал гьабулаго цебе чIола дол кьварарал рагъул санал. I933 соналда Унсоколо росулъ бугеб школалда цIализе вачарав гьесул 8 класс лъугIана I94I соналда. КIудияб ВатIанияб рагъде росдал бихьиналги ун гьев тIамула школалда пионервожатийлъун, хадув уна Рихьуни школалде учительлъун хIалтIизе. ХIалтIулаго цIалун лъугIизабуна Буйнакскиялъул авар педучилище, хIалтIана ХинлъимитIа школалъул завлъун, хадув районалъул лъай кьеялъул отделалда инспекторлъун.

Рагъда хадусел саназда МухIамадгIалица жиндирго гIумро бухьинабуна МВДялда. Байбихьуда хIалтIана паспортазул столалда, I946 соналдайин абуни цIализе лъугьана СССРалъул МВДялъул Саратовалъул школалде. ХIалтIана ЛъаратIа, Гумбет районазда оперуполномоченныйлъун. Хадув гьев вачана Дагъистаналъул банкалъул нухмалъулесул замлъун.

ХIалтIарал бакIал гуро аслияллъун кколел, гьенив вихьизавулеб куцги, гьесул гIаданлъи, яхI-намусгийин. Кив хIалтIулев вугониги МухIамадгIали вукIана районалъул ва республикаялъулго гIадамазе унго-унголъунги кумек кIудияв, гIадан вичIчIулев, бажаранщинав чиясе кумек гьабизе хIадурав чи. Гьесул гIаданлъиялъул хIакъалъулъ гIемерал харбал руго гIадамазда гьоркьор.

ХIалигъараб гьотIода тIегьги сахаб бижула. Сахал васал рукIана МухIамадгIалил ХIусенги ХIасанги. ГIумро къокъал рукIун руго гьел, мунагьал чурадал. ГIумро гьабунги Бартыхановал рукIана МахIачхъала шагьаралда. ГьабсагIаталда республикаялъул Централияб банкалда хIалтIулев вуго гьесул гьитIинав вас ГIали.

СагIид ГIамировасул заманалда ансадерил республикаялдаго данде кквезе чи гьечIев вас МахIач Дахадаевасул гIумроялъул нухалде рагIад рехизабизе гIемерал хIалбихьиял гьарулел рукIана. ТIадчIарал церерахъинал гьарулел рукIана жахIдачагIаз тахшагьаралда гьесул цIар лъей гьалатI букIанин, гьеб бахъизе кколин ва гь. ц. Гьеб заманалда гьадин хъвана ансадерил шагIир ГIайшат Малачиевалъги.

**…Амма жахIдачагIи жакъаги руго,**
**Дур цIаралда тIасан мухъ цIазе къачIан.**
**Гьадалго жасусал гьанжеги руго,**
**Дол дур гьунаразде пардавги биччан.**
**Къанщарал беракьа нечоларелъул,**
**Дур чоде вахине чан чи къеркьарав.**
**ЧIараб хIохьладаса хIинкъуларелъул,**
**Дур тахшагьар щвезе хьулдаранщинав.,-**
абун.

Гьеле гьеб заманалда гьединаз цо иргадулаб тIадерахъин гьабулеб букIана МахIачхъала шагьаралда правительствалъул майданалда. КIалъазе рахъарал жасусаз унго-унголъунги чIегIераб пардав биччалеб букIана цIар арав революционерасде. Гьеб хIехьезе кIвечIо Бартыханов ХIусенида. ЦIа пулел кIалазде данде вахъана цебеккун щибго хIадурлъи гьечIев ХIусен. Гьале гьесул кIалъаялдаса цо-цо мухъал: «Дагъистаналъе эркенлъи балагьун мугIрул улкаялдаса тIоцеве цеве вахъарав МахIач Дахадаевасул бахIарчилъи кин къвинабулеб гьес жиндаго хадур цIан рахъарал цIвабзаз. Пачаясул чIвазе ругезул сияхIалда анцIабилев вукIарав ва цIадулал мугIрузда унго-унголъунги ритIухълъи чIезабизе цеве ва хъарав оратор кин мустахIикъав вукIунарев гьев вахараб борхалъиялда вукIине. Дицани абилаан гьадинал цере рахъинал гьарилалде М. Дахадаевасде данде рахъунез Дагъистаналъул тарих лъазабуни лъикIаб букIинаанин. Гьес бачIана Дагъистаналде канлъи, гIуцIана цIияб заманаялъул идараби; праительство, армия, печать. ТIоцебе газета къватIибе биччана М. Дахадаевас. Бахьикъосаз нахъасан речIчIун чIвачIевани гIемераб цебетIей гьабизе букIана гьес Дагъистаналъе. Гьелда тIад ургъаралани лъикIаб букIинаан жакъа гьаб тIадерахъин гьабилалде».

Майданалда букIараб сихIкъотIи бихьизабуна халкъалъ чIвалеб гъугъаб хъаталъ. ХIасилго ккечIого гьениса нахъе ине ккана дандерусcин гIуцIаралги. Доб мехалдаса нахъе г1одоре риччана Мах1ач Дахадаевасде данде гьарулел тIадерахъинал.

Банкалъул нухмалъиялъ М. Бартыхановасе кьураб характеристикаялда хъвалеб буго: «Жигараб гIахьаллъи гьабулаан коллективалъул ва республикаялъул общественнияб гIумроялъулъ. Вищун вукIана республикаялъул халкъияб дружинаялъул командирлъун, Дагъпрофсоюзалъул ревизионнияб комиссиялъул председательлъун, вукIана ДАССРалъул халкъияб хъаравуллъиялъул Комитеталъул отделалъул завлъун, рекъел цIуниялъул рахъалъ Советияб комитеталъул членлъун ва цогидалги жавабиял ишазда.

Республикаялъул захIматалъулгун общественнияб гIумроялъулъ росарал лъикIал хIасилазе гIоло М. Бартыханов мустахIикълъана Верховнияб Советалъул ва жидерго нухмалъиялъул гIемерал ХIурматалъул грамотабазе, «ЗахIматалъул ветеран» медалалъе, гIарцулал сайгъатазе.

Жакъа нилъгун цадахъ гьечIо МухIамадгIали Бартыханов. ВУЗазде цIализе лъугьинеги хIалтIулал захIмалъаби тIуразаризеги чи ватIа гьавичIого нахъа ватулев халкъалъул вакил нилъедаса ватIалъаралдаса гIезегIанал санал ана. Амма гIицIго росабалъ гурел шагьараздаги, цогидал районаздаги гIемер дандч1вала М. Бартыхановас гьарурал лъикIлъабаз ансадеридехун унго-унголъунги лъикIаб балагьи гьабулел гIадамал. Баркалагун лъикIаб гьарарахьигун ракIалде щвезавула лъалез гьев жакъаги. Гьелъ бицунеб буго Аллагьас кьураб къокъаб гIумроялда гIаданлъун вукIиналъул бугеб пайдаялъул. Гьединлъидалин гуманитарниял гIелмабазда бихьизабун бугеб; гIадамазе кумек гьабизе гIедегIе,-абун. Биччанте щивасе мисаллъун букIине унго-унгояв инсан М-ГI. Бартыхановасул гIадамал хирияб, гьезие пайдаялъе араб гIумро.

# Баркалаялъе мустахIикъав

Нилъеда лъала, Аллагьас инсан вижун вуго жиндиего гIибадаталъе. Гьеб{}ги бичIчIун нилъеца хIаракат бахъула бажараб куцалъ нилъ рижарав Аллагьасе гIибадат гьабизе.
Чи хвараб мехалъ нилъеда тIадаб буго гьев чуризеги, мусру базеги, хабалъ берцинго вукъизеги.
Унсоколо росулъ хвел букьи тIобитIула гIадлу-низамалда, берцинго. Хвел букьиялъе хас гьарун рихьизарурал гIадамал гьечIони гIемерисеб мехалъ хоб бухъизеги, зани къачIазеги, жаназа букъизеги тIаде ккола цого чагIазде.
Пемерал соназ гьеб ишалъе бажарун нухмалъи гьабуна ХIажимухIамадов МухIамадица. Гьес гьеб хIалтIи гьабуна ракI бацIцIадго ва балеб гIазу-цIадахъ, жиндирго санагIаталъухъ балагьичIого, гIицIго Аллагьасе гIоло. 35-40 соналъ гьоркьоб къотIичIого баччана гьес гьеб захIмалъи.
Аллагьас гьесулги, гьесда цадахъ хвел букъизе хIаракат бахъулезулги гьабураб хIалтIи кирилъун хъван, аза-азар даражаялде бахинабеги, хъизан-лъималаздаса рохун хутIаги, гьабулеб ишалъул икъбал битIаги!
Дагъал церегIан къояз ХIажимухIамадов МухIамадица росдал жамагIаталъе баркала кьуна жинде гьабураб божилъиялъухъ, гьарана жиндир ккарал гьалатIаздаса тIаса лъугьа,-ян, живги лъугьарав вугилан ва гьарана жамагIаталда жив сахлъи гьечIолъиялда бан гьеб хIалтIудаса эркен гьаве,-ян, гьединго бихьизабуна жинца гьеб хIалтIи тIад къалеб бугин жиндирго вац Хизрида,-абун.
Унсоколо росдал жамагIаталъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго МухIамадие гьес гьеб тIадегIанаб иш ракI бацIцIадго тIубазабуралъухъ. Гьесие гьарулеб буго чорхое сахлъи, рохел ва аваданлъи. Хизриеги къуват кьеги Аллгьас гьеб хIалтIи жеги лъикIго цебехун бачине.

**Унсоколо росдал жамагIат**

Сахлъи: Мунго дудаго лъалищ?

# Инсанасул черхалъул 9 божизе захIматаб хIужа

I. Кверал рукIине бегьула жидеего хасиятаб хIалтIуда. Буго гьадинаб низам бихxи – чияр квер синдром. Гьединаб мехалда чиясул квер хIалтIизе бегьула гьесие бокьухъе гуреб, ай гьаризе бегьула ракIалда гьечIел ишал. Гьедин лъугьуна хирургиялъул операциялдаса хадуб гIадалзул нахул нодоялъул бутIаялъе зарал ккун бугони яги инфекция бугони. Пациент хIинкъула жиндирго кверaлда хадуб хъаравуллъи ккун бажарулеб гьечIони, ай гьеб нилъее бокьухъе хIалтIизабизе бажаруларо. Гьеб унти сах гьабизе гьабсагIаталда бажаруларо, амма хIалбихьизе бегьула гIенеккулареб кверaлъухъе кинаб бугониги предмет ккезе кьун.
2. Жанисел органазул кIудияб бутIаялдаса ратIалъаниги гIумро гьабизе бажарула. Инсанасул черх цIакъго загIипаб бугин кканиги, гьедигIанго яхI хвараб гьечIо. ГIумро гьабизе бегьула къечI, кванирукъ, цо ургьисала, цо гьуэр, 75 % тIул, 80 % бакьал, гьединго тазалъул цо бутIа гьечIого.
3. РакI ккола цIакъ къуватаб орган ва кьабула анцIго метралъ рикIкIаде бокьараб фонтаналдасан лъим кьабулеб къуваталда.
4. РекIел приступал гIемерисеб мехалда лъугьуна гьатIан къоялъ. Гьелъие гIилла ккола хIалхьиялъул къояз цIикIкIараб къадаралда мехтулел жал гьекъей, стрессал ккей.
5. Щибаб минуталда нилъер къаркъалаялъулъа хола 300 миллион клеткаби. Гьеб буго хIинкъизе бачIунеб хIужа. Амма ургъел гьабизе кколаро. Гьеб гIицIго 0,000I % клеткабазул ккола. Гьел щибаб къойил I0-50 триллион къойие хIисаб гьабун цIидасан рукIалиде ккола.
6. ГьитIичазул чIахIиязулалдаса гIемерго цIикIкIарал рукIуна рукьби. Гьел рижула 300 ракьаялъул. ЧIахIиязул скелеталда руго 206 ракьа. ГIисиназул рукьби цоцада рекIун щулаго чIахIа гIола.
7. Рас черхалдаса тIубанго лъугIизабизе кIоларо. Ни лъеда ракIалде ккола гьел цIакъго загIипал ругин. РакIалде щвезабе кигIан гIемерал химиялъулал жалазул асаралда гьоркье гьел кколелали, амма гьел тIаде гIола ва кенчIола.
8. Квен гьечIого гIумро гьабизе кIола гIезегIан мехалъ, амма кьижичIого кIоларо. ЦохIо лъим гьекъон чияс гIумро гьабула I-2 моцIалъ. Кинабго бараб буго тIомалда гьоркь бугеб кьаралъиялда ва цогидалги кьалазда. Амма макьу гьечIони черхалъулъ лъугьине байбихьула психологическиял хиса-басиял, гIодобе ккола пикро гьабизе бажари, ракIалда жо чIей, байбихьула галлюцинация.
9. Инсанасул гьурмада буго фильтр - губной желебок, тIасияб кIветIалъул бакьулъ бугеб впадинка. ГIалимзабаз жеги чIезабун гьечIо гьелъул аслияб функция, амма гьелъул кумекалдалъун чиясда кIола кIутIбузул батIи-батIиял шура-хъуриял гьаризе. Греказ рикIкIуна гьеб бакI гIадамасул черхалъул бищунго кIвар кьезе кколеб бакIлъун.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Утерянный диплом серии ДВС 167374, выданный на имя Джамалудиновой Хадижат Алигаджиевне Институтом управления и бизнеса г. Махачкала от 04 июля 2002 г. считать недействительным.

Лъалищ нужеда?

# Балъгояб лаборатория

I940 соналда Совет Союзалда НКВДялда цебе гIуцIун букIана гIадамасул экспериментал лъазарулел гIалимзаби жанир хIалтIулеб балъгояб лаборатория.
ХIажаталдасан лъалаан кигIанисеб къадаралда гIадан сахго вугевали. Гьелъулъ бугеб гIунгутIиялъ чи гьавула цим бахъуневлъун, цебеккунго къимат кьезе кIоларевлъун. ЦIикIкIараб къадар холестериналъ рачуна отеросклерозалде, гIодобегIанаб батани рагьараб нуцIа букIуна психическияб лечениялде. Балъгоял цIех-рехал гьарун пайда босулаан цогидал улкабазул лидеразул сахлъиялъул ахIвал-хIал лъазабиялъе ва цебеккунго лъазабун букIунаан власталда вугев чи кин политикияб ишалъулъ вукIине рес бугебали. Халатккунищ гьев власталда хутIизе вугев яги унтабазул хIасилалда гIумро къокъавищ вугевали.



Бищунго захIматаблъун батана Мао Цзэдунил биоматериал босизе. Киналго азиатазул доб заманалда рукIинчIо унитаздасан пайда боси. Радалги къасиги китайцал хIажаталъ чIолаан азбаралъур. Киб лъил хIажат бугебали лъазеги бигьа букIунароан. Амма Берияда батана гьеб лъазе нух. Сталингун гарачIвариялъеянги абун анцIго къоялъ ахIана гьес Мао Кремлялде. Гьобол кваназавуна хъвезе хьихьараб хIайван гIадин. Щибаб лъабго сагIаталдасан хьачIана гьесие стол ва къваригIараб баян щвана. Сталинил столалда нахъияб къоялъго лъуна Китаялъул лидерасул психическияб портрет, ай анализазул хIасил. Сталиница гьесулгун къотIи-къайи хъвачIо.
Хрушев власталде вачIиндал гьес биххизабуна КГБялъул лаборатория ва гIелмиял хIалтIаби. Гьединаб къагIидаялъ гIадан лъазавизе ургъарав профессор витIана штатазде. Америкаялъул спецлужбабаз гIалимчи гьеб къагIида жидедаго бицине тIамуна. Гьелдаса нахъе СШАялде рачIарал Советиял лидеразул гIемер лъугьунаан риххел щвей. Гьединаб къагIидаялъ информация бакIарулеб букIин лъачIана СШАялда унаан Брежнев. Гьединго Хрушевасул гьабураб анализалъ гьезие баян гьабуна гьесул ракI унтараб букIин. Хрушевас кьарияб гьанги гIемер кваналаан. Гьев вукIана хехав, цо хIал ккун чIоларев чи. ХIакъикъаталдаги хвана инфарктаъ.

# ИНФОРМАЦИИ

УСЗН в МО «Унцукульский район» информирует что Указом Главы Республики Дагестан от 19 января 2017года № 5 внесены изменения в Указ Президента Республики Дагестан от 31 мая 2007 № 71 «О дополнительных мерах социальной поддержки семей, имеющих детей». В соответствии с вышеназванным Указом право на единовременную денежную выплату при рождении пятого, десятого и каждого последующего ребенка, одновременно двух, трех и более детей будут иметь только семьи, признанными в установленном порядке малоимущими, т.е. имеющие среднедушевой доход ниже величины прожиточного минимума, установленного в РД. За справками можете обращаться по адресу: **с. Унцукуль, пл. М. Дахадаева, 1 тел: 55 64 83; моб: 8988 7816476 e-mail: uszn-uncukul@mail.ru**

* * *

УСЗН в МО «Унцукульский район» информирует что Федеральным Законом от 3 июля 2016года № 312 –ФЗ внесены изменения в статью 36 Федерального Закона от 29 декабря 2012года № 273-ФЗ «Об образовании в РФ» согласно которым изменен порядок назначения студентам государственной социальной стипендии. В частности, с 1 января 2017 года назначение государственной социальной стипендии осуществляется студентам, получившим государственную социальную помощь по месту проживания (в прежней редакции - имеющим право на государственную социальную помощь). Также определено, что государственная социальная стипендия назначается на один год со дня назначения указанной государственной социальной помощи. Согласно разъяснению, данному Минтрудом РД в письме от 26.01.2017года № 14-04/1-12/449/17 в Республике Дагестан к государственной социальной помощи можно отнести: - ежемесячное пособие на ребенка, - единовременную денежную выплату семьям при рождении ребенка в соответствии с Указом Президента РД от 31.05.2007г. №71, - единовременную денежную выплату на детей, поступающих в первый класс из малоимущих многодетных семей,- социальная доплата к пенсии (через Пенсионный Фонд). Кроме того социальная стипендия в обязательном порядке назначается студентам, являющимся - детьми-сиротами, - детьми оставшимся без попечения родителей, - потерявшим родителей, - детьми-инвалидами, инвалидами с детства, инвалидами 1 и 2 гр., - подвергшихся воздействию радиации, вследствие радиационных катастроф, - студентам, являющимся инвалидами вследствие военной травмы и т.д. В связи с вышеизложенным студенты, которые не относятся к вышеперечисленным категориям с 01.01.2017 года не имеют право на государственную социальную стипендию. За справками можете обращаться по адресу: **с.Унцукуль, пл. М.Дахадаева,1 тел: 55 64 83; моб: 8988 4682260 e-mail: uszn-uncukul@mail.ru**

**УСЗН в МО «Унцукульский район»**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**пос. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**

**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 9. 2. 17 г. 17. 40
фактически -18. 50 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.